
Konsepsyon Final Cummins Highway:

February



Cummins Highway bezwen amelyore

Kisa nou tande:

“Se yon kote ki difisil anpil pou travèse lari a, pou mache oswa pou monte bisiklèt an sekirite sou tout wout sa a.”

“Twotwa yo reyèlman bezwen reparasyon; ou pa kapab mache san-w pa bite oswa frape tèt zòtèy ou sou pati ki gonfle sou twotwa yo.

“Wout la bezwen asfalte”

“Machin yo pase regilyèman ak plis pase 40 mil alè. Epi vin sou Cummins la difisil paske ou pa kapab wè byen lè wap rantre nan lari sou kote yo.”


“Li fè nwa anpil lè wap vire nan Rosewood St. Nou bezwen ni bon limyè”



Rekonstriksyon Cummins Highway

Kòmanse nan prentan sa, nap rekonstwi Cummins Highway konplètman a pati Wood Avenue rive nan Fairway Street

Depi 1955 se premye gwo investisman aprè ke yo te retire chario yo nan sèvis.



Rekonstriksyon Cummins Highway

Vil la finanse tout **32 milyon dola** pou rekonstriksyon Cummins Highway a, sòti nan rekonstwi twotwa yo, modènize siyal trafik yo rive nan reasfalte lari-a.



Objektif rekonstriksyon Cummins Highway a se: plis sekirite, plis aksesibilite

Nap rekonstwi Cummins Highway pou jenerasyon kap vini yo.

Vizyon: Cummins Highway pral yon ***lari-katye ki genyen pyebwa ki pi an sekirite pou fanmi yo, konekte rezidan ak espas ki ouvè yo, epi rann li pi fasil pou granmoun aje kapab travèse lari a.***



Angajman Cummins Highway

Nou aprann o sijè de kisa rezidan yo enkyete konsènan sekirite, vitès, abouteyaj, aksesibilite, nan plizyè diferan fason.



- Reyinyon piblik
- Kat postal ak biltin yo
- Ekspozisyon nan Mattapan Farmers Market
- Reyinyon asosyasyon katye yo
- Nou pale ak moun nan lari a
- Reyinyon vityèl “Konvèsasyon kominotè”
- Imèl
- Sondaj sou entènèt
- “Lè biwo” vityèl avèk anplwaye pwojè yo

Angajman Cummins Highway

Reyinyon Piblik nan Mattahunt:
Avril 2019 - Fevrye 2020



Premye Esè Konsepsyon: Oktòb 2020 - Oktòb
2021



2021 - 2023: Mache epi Pale" avek
moun sou Cummins Highway yo chak
mwa




Ekspozisyon nan Mattapan Farmers Market: Oktòb 2020 jiska Ete 2023

Konvèsasyon Kominotè

Nou te òganize yon seri de konvèsasyon vityèl pou-n pran opinyon ak pataje enfòmasyon sou jan lari a ap desine

Jiyè 2021

**REZISTANS CHALÈ
AK CHANJMAN**



Jiyè 2021

**KALITE LÈ A AK
POLISYON**



Out 2021

TÈREN KI SÈVI



Septanm 2021

LIMYÈ LARI



Oktòb 2021

SANTE PIBLIK



Oktòb 2021

**DIMINYE GWO DLO
LAPLI AK**



Janvye 2022

PASAJÈ OTOBIS



Fevrye 2022

PEYBWA LARI



Mas 2022

**INTÈSEKSYON AK
SIKILASYON**




Avril 2022

**KONSEPSYON POU
TOUT LAJ**



ME 2022

**MOUN KI
ANDIKAPE**



Jen 2022

ATIZAY PIBLIK



Cummins nan Rugby

Nouvo limyè nan lari pou wout ak twotwa


Yon liy pou kondwi nan chak direksyon ap fè pasaj pou pyeton yo pi sekirize, kalme trafik la

Nap ajoute **115 pyebwa nan lari** a pou diminye chalè ak amelyore kalite lè a

Ak nouvo konsepsyon an yap re-pwograme siyal trafik yo pou moun yo kapab deplase

San liy mitan an genyen espas pou chofè yo pase

Liy pakin nan touprè twotwa




Cummins nan Rockingham

Nouvo limyè lari pou wout ak twotwa yo

Pasaj pou pyeton ki pi wo yo ap ralanti vire nan nan lari andedan yo. Yo rann li pi fasil pou moun ki andikape yo travèse lari a

Lari asfalte ki swa

Nouvo twotwa ki swa



Cummins nan Weybosset/Greenfield

Yon wonpwen pral amelyore sekirite pandan ke lap kenbe trafik sikilasyon nan entèseksyon sa a



Pasaj pou pyeton yo pral pi kout epi moun kap travèsè yo pral pi vizib.

Enfrastrikti vèt yo pral diminye inondasyon pandan tanpèt yo.

Rezime amelyorasyon yo

- **Asfalte:** lari an pral asfalte konplètman, diminye twou yo
- **Nouvo Twotwa:** Nap rebati twotwa yo avèk pyebwa, repare ranp twotwa yo ak amelyore limyè lari yo
- **Amelyore siyal trafik yo:** Nap repwograme siyal yo pou akomode konsepsyon an ak asire sikilasyon trafik la
- **Pasaj pou pyeton ki pi an sekirite:** Pasaj pou pyeton sou tout Cummins lan ap pi kout ak pi sekirize. Nap ajoute pasaj pou pyeton ki pi wo nan lari andedan yo pou ralanti lè machin yo ap vire ak pasaj pyeton an
- **Pi bon limyè nan lari a :** Nap amelyore limyè pou moun yo kapab mache ak monte bisiklèt.
- **Espas pou mobilite aktif:** Espas resève pou monte bisiklèt, paten, oswa monte eskoutè ap separe ak sikilasyon trafik la epi diferansye espas twotwa pyeton yo.
- **Nouvo pyebwa nan lari a.** Rekonstriksyon lari a ap bay opòtinite pou ajoute 115 nouvo pyebwa nan lari a
- **Enfrastrikti Vèt:** Nou pral entegre yon enfrastrikti vèt avèk yon pave pèmeyab pou diminye risk inondasyon lè nou jere dlo lapli ak bote lari a.
- **Pasaj pou pyeton ki wo:** Pasaj pou pyeton ki wo yo pi bon pou aksesibilite, diminye machin kanpe nan ranp twotwa yo.

KALITE LÈ A


Rezida yo vle pou nou kontwole kalite lè a sou Cummins lan.

Kisa nou te fè: Nou enstale 8 detektè sou pote lari yo sou Cummins Highway ak youn nan Mattahunt Woods pou kontole kalite lè a pandan dezan ki pase yo.

Kisa nou te aprann:

- Nivo kalite lè a te sanble ak nivo yo te obsève lòt kote nan zòn nan greater Boston an.
- Pat genyen okenn diferans ki evidan nan kalite lè a nan diferan kote sou Cummins Highway
- Nivo polisyon lè a te apeprè mwens ke 10 pousan nan Mattahunt Woods, kote Vil la reyalize yon pwojè restorasyon ekolojik ane sa a.

Kisa ki pral fèt : Depi-n fini rekonstwi lari a, nap re-enstale detektè yo pou-n konpare rezilta yo.



Trafik la pral modere nan lari andedan yo

Pwogram pou Ogmante Sekirite :

- Nou ajoute dodann nan tout Boston pou diminye eksè vitès nan lari yo.



Enfòmasyon sou Konstriksyon an

- Konstriksyon an ap kòmanse nan kòmansman mwa Avril 2024 la, epi lap dire pou de sezon
- Nap bay enfòmasyon regilye nan lis bilten imèl Cummins Highway a.
- Nap bay plis nouvo enfòmasyon detaye sou konstriksyon an nan reyinyon piblik la 19 Mas, 2024 kan nou resevwa plan jesyon konstriksyon yo
- Nap tradwi materyèl yo an Panyòl ak Kreyòl Ayisyen
- Nap poste kat postal bay rezidan yo an Fevrye 2024 epi mete a jou sitwèb pwojè a
- Nap afiche feyè nan lari yo avan konstriksyon an



Aprann plis sou: Enfòmasyon Pwojè Cummins Highway

- Vizite sitwèb pwojè a nan:
boston.gov/cummins-highway
- Imèl: cummins@boston.gov
- Enskri pou Reyinyon vityèl kap fèt 19 Mas, 2024 lan sou
sit sa a: bit.ly/cummins-March19